**МÆСКУЫ ÆМÆ ÆГАС УÆРÆСЕЙЫ ПАТРИАРХ**

**ЙÆ РУХСДЗИНАД КИРИЛЛЫ**

**ЦЫППУРСЫ АРФÆЙЫ ФЫСТÆГ**

**алчертæ, сауджынтæ, диакъонтæ, моладзантæ**

**æмæ Уырыссаг Чырыстон Аргъуаны æппæт иузæрдион хъæбултæм**

Хуыцау мах кæй уарзы, уый нын уымæй раргом,

æмæ Йæ иунæг Фырты рарвыста дунемæ,

цæмæй мах Йæ фæрцы схайджын уæм цардæй.

(1 Ин. 4:9)

Рухсгонд алчертæ,

фæрныг сауджынтæ æмæ диакъонтæ, хуыцауарзаг моладзантæ,

зынаргъ æфсымæртæ æмæ хотæ!

Хуыцауы Фырты буардзыдæй рантыстыл зæрдæбынæй цингæнгæйæ, уе 'гасмæ дæр сидын æмæ уын арфæ кæнын нæ Хицау æмæ Ирвæзынгæнæг Йесо Чырыстийы рухс æмæ царддæттæг Райгуырды бæрæгбоны фæдыл.

*«Кад Хуыцауæн уæлæрвты, зæххыл та фæрнджын уæнт, Хуыцау кæуыл ауды, уыдон!»* (Лк. 2:14) Азæй азмæ нæ Ирвæзынгæнæг Йесойы а зæхмæ æнæразæгъгæ æрцыдæн табугæнгæйæ, мах дæр, *«æппæт адæм кæмæй схайджын уыдзысты, ахæм стыр цин»* (Лк. 2:10) зæдæй чи фехъуыста, уыцы Вифлеемаг фыййæуттау тырнæм, хуыцаузонæг пехуымпарты рагзагъд Кæй кой кæны, æмæ бирæ рæстаг лæгтæ æмæ сылгоймæгтæ Кæмæ æнхъæлмæ кастысты, уыцы Мессиайы нæ уды цæстытæй фенынмæ.

Æмæ, мæнæ, пехуымпар Аггейы загъдау, *Æппæт адæмтæ кæмæ бæллынц (Агг. 2:7) уый Йæхæдæг Йæхи æрныллæг кодта, схайджын цагъары æрдзыхъæдæй, сси адæймаджы халдих* (Флп. 2:7) Æппæт Дунейы Барджын Паддзах Йæхицæн нæдæр императоры галуан сæвзары, нæдæр зæххон паддзæхты цæрæндон, нæдæр хъæздыджыты æмæ номджынты хæдзар. Æгæрыстæмæй Йын уазæгдоны дæр нæй бынат. Хуыцауы Фырт райгуыры фосдарæн лæгæты, хъомты кæвдæс та свæййы Йæ авдæн.

*Цы ма ис, Хуыцауы хорзæх тæмæнтæ кæм æскалдта, уыцы лæгæтæй мæгуырдæр, æмæ Йæ кæм батыхтой, уыцы кæттагæй хуымæтæгдæр?* Нæ ирвæзын кæныны Сусæггадæн *иуыл мæгуырдæр бынат* равзаргæйæ (бæрæгбоны Ипакои), Чырысти барæй Йæхи тигъ кæны ацы дунейы стыр аргъ кæмæн ис уыдæттыл: бархъомыс, хъæздыгад, кад, номджын мыггаг æмæ социалон статусыл. Уый нын хъары царды æндæр фæтк - уарзт æмæ сæрныллæгдзинады æгъдау, кæй бон у сæрбæрзонддзинад æмæ фыдæхыл фæуæлахиз уæвын. Ацы æгъдаумæ гæсгæ, адæймаджы лæмæгъ æрдзыхъæд Хуыцауы фарнæй куы сфæрнæйдзаг вæййы, уæд райсы ахæм тых, ацы дунейы барджынтæ æмæ тыхджынты ныхмæ фæлæууын кæмæ нæ фæразынц. Хуыцауы бархъомысы æвдисæнтæ зæххон стырад æмæ амонд не сты, фæлæ сты сабыр зæрдæ æмæ Хуыцауы раз сæрныллæгдзинад.

Чырыстингæс Серафим Саровскийы ныхасмæ гæсгæ, *«Хуыцау агуры ахæм зæрдæ, Хуыцаумæ æмæ адæммæ уарзтæй йемыдзаг чи у, - уый Йын у бадын кæуыл уарзы, ахæм кадджын бадæн. «Мæ фырт, радт мын дæ зæрдæ – зæгъы Хуыцау, - æмæ дæ цæрынæн цы хъæуы, æппæт уыдон дын Æз раттдзынæн, уымæн æмæ Хуыцауы паддзахадæн ис бацæуæн адæймаджы зæрдæйы* (Ныхас чырыстон царды нысаниуæгыл). Йесо Чырысти æнæрвæссон нæу фырмæгуыртыл æмæ æнæхæдзар адæмыл, нæ æлгъ кæны æвæрæз чи у, æмæ бæрзонд бынæтты чи нæ кусы, уыдоныл. Уæлдайдæр та Йæхи нæ тигъ кæны сахъат кæнæ уæззау рынчынтыл. Æппæт адæттæ мах Хуыцаумæ нæдæр æввахс кæнынц, нæдæр дард, æмæ нæ уавæрты тыххæй нæхи ауадзæм, нæ ныфс фесафæм, уый гæнæн нын нæй. Йесо Чырыстийы мах куыдфæндыйæ дæр хъæуæм. Æмæ нæм уый тыххæй сиды: Мæ фырт! Мæ чызг! Радт мын дæ зæрдæ (Притч. 23:26).

Цыппурсы диссаджы бæрæгбон нын нæ зæрдыл æрлæууын кæны æнæфæцудгæйæ нæ кæй хъæуы Чырыстийы фæдыл цæуын. Уымæн æмæ Уый æрцыд, махæн *алцæмæй дæр æххæст цард раттынмæ* (Ин. 10:10). Уый Йæхæдæг у иунæг раст фæндаг, æнæивгæ æцæгад æмæ æцæг цард. (Ин. 14:6). Æмæ нæ ма фæтæрсын кæнæд царды ныл æнæмæнгæй цы зындзинæдтæ сæмбæлы, уыдон, макæй нæ фæцудын кæнæт цы фыдæвзарæнтæ баййафæм уыдон дæр, уымæн æмæ Хуыцау немæ ис! Хуыцау немæ ис æмæ нæ царды нæй

бынат тасæн. Хуыцау немæ ис, æмæ нæ удты æнцойад æмæ цин æрцæры. Хуыцау немæ ис, æмæ Уымæй ныфс æвæргæйæ, цæуæм нæ царды фæндагыл.

Чырыстийы фæдыл цæугæйæ, адæймаг цæуы ацы дунейы стихияты ныхмæ. Афтæмæй лæг йæ сæр нæ æркъул кæны цы цыбæллæттæ йыл сæмбæлы, уыдоны раз æмæ фидарæй фехалы йæ фæндагыл цы тæригъæды цæлхдуртæ фæзыны, уыдон. Хуыцауæй мах адард кæны æмæ нын нæ цард мастæй байдзаг кæны æрмæстæр тæригъæд. Æрмæстдæр тæригъæд, махæй Хуыцауы уарзты рухс сæхгæнгæй, баппары мах бирæ фыдæвзарæнты æмæ нын нæ зæрдæ адæммæ фæхъæбæр кæны. Æмæ тæригъæдыл фæуæлахиз уæвын ис æрмæст дæр Сыгъдæг Уды фарны фæрцы. Уыцы фарн та нын Хуыцау дæтты Йæ Аргъуны мидæг. Æмæ мах Хуыцауон хъару куы райсæм, уæд нын уый фæивы нæ миддуне æмæ нын, Хуыцауы бархъомысмæ гæсгæ, баххуыс кæны æддагон дуне фæивын дæр. Æмæ уый адыл Аргъуаны иудзинадæй чи фæиппæрд ис, уыдон хуыскъ бæласау, фесафынц æцæг хорз дыргътæ раттыны хъомыс.

Абон мæ фæнды зæгъын сæрмагонд ныхас Украинæйы цæрджытæн. Украинæйы зæххыл цы ныхмæлæуд сæвзæрд, æфсымæр æфсымæры кæм мары, уый хъуамæ ма хицæн кæна аргъуаны хъæбулты, сæ зæрдæты сын æнæуынондзинад таугæйæ. Æцæг чырыстон адæймагæн йæ бон нæу фыдзæрдæ дарын - нæдæр хионмæ, нæдæр æддагонмæ. *«Сымах фехъуыстат,* - дзуры Чырысти чи Йæм хъусы, уыдонмæ,- *цы загъд уыд, уый: уарз хионы æмæ де сæфт уын де знагæй». Æз та уын зæгъын: уарзут уе знæгты,...æмæ уæд уыдзыстут уæ Уæларвон Фыды хъæбултæ – уымæн æмæ Уый хур скæсын кæны æвзæртыл дæр æмæ хæрзтыл дæр».* (Мф. 5:43-45). Уадз æмæ Ирвæзынгæнæг Чырыстийы ацы ныхæстæ не ппæтæн дæр суой разамынд нæ царды, уадз æмæ фыдæх æмæ фыдзæрдæдзинад макуы ссарой сæхицæн бынат нæ удты.

Курын бирæнацион Уырыссаг Растуырнæг Аргъуаны хъæбултæй, цæмæй зæрдæбынæй кувой Украинæйы цы хæст цæуы, уый рæхджы куыд фæуа æмæ бынтон куыд рсабыр уа, адæмы удты æмæ буæртты хæст цы хъæдгæмттæ ныууагъта, уыдон куыд адзæбæх уой. Аргъуаны дæр, хæдзары дæр зæрдæргъæвдæй кувдзыстæм Хуыцау нын ахæм хорзæх куыд радта, æмæ ма ноджы кувдзыстæм дард бæстæтыты хæсты азары чи бахауд уыцы чырыстæттæн.

Цыпурсы рухсхæссæг æхсæв æмæ дарддæры рухс бонты дæр батабу кæнæм æмæ скад кæнæм нæ Ирвæзынгæнæг æмæ Хицауæн, Йæ бирæ хорзæхмæ гæсгæ ацы дунемæ буардзыдæй Чи рантыст. Раст Библийы стъалы дæснытау æрхæссæм Хуыцауон ноггуырд Чырыстийæн нæ лæвæрттæ: сыгъзæрины бæсты

- нæ зæрдиаг уарзт, буды бæсты - нæ зæрдæбын куывдтытæ, смирнæйæ бæсты – нæ хорз æмæ æнувыд ахаст хиуæттæм æмæ æддæгæттæм.

Ноджыдæр ма уын арфæ кæнын, мæ зынаргъ æфсымæртæ æмæ хотæ Чырыстийы Рухсрайгурды бæрæгбон æмæ цы Ног аз æрлæууыд, уый фæдыл, кувын, цæмæй уын нæ Хицау Чырысти фæхай кæна Йе стыр æмæ æвидийгæ хорзæхтæй. Аммен.

## МÆСКУЫ ÆМÆ ÆГАС УÆРÆСЕЙЫ ПАТРИАРХ КИРИЛЛ

*Чырыстийы Рухсрайгуырд,*

*2015/2016 аз.,*

*с. Мæскуы*